


Konsèy Sekirite pou Moun k ap Naje

Pa janm naje pou kont ou.



Naje sèlman nan zòn yo deziye pou sa kote ki gen yon sovte ki tou la. Granmoun yo dwe toujou ap siveye timoun yo pandan y ap naje, menmsi sovte a tou la. Pa naje nan zòn plaj ki fèmen oubyen nan dlo ki fèmen tankou bè yo oubyen rivyè yo. Plaj nan Pak NYC yo ouvè tout jou soti nan jou konje lè wikenn yo pou rive nan jou travay lè wikenn yo, depi 10è nan maten jiska 6è nan apre midi. Pisin ki deyò plas NYC yo ouvè chak jou, koumanse depi Jedi k ap 29 Jen an.

Aprann naje.



Aprann metòd de baz pou w naje yo ak teknik pou w pwoteje tèt ou nan dlo. Plas NYC yo bay klas gratis pou moun aprann naje pandan tout ane a. Pou plis enfòmasyon sou klas la ak pou enskripsyon, vizite nycgovparks.org epi chache **aprann naje**, oubyen rele nan **311**.

Fè atansyon ak kouran dlo yo.



Lam dlo yo se kantite dlo k ap mouvman sou rivaj la nan fè ale vini byen rapid. Si yon lam rale w, rete trankil epi naje nan menm direksyon ak rivaj la jiskaske ou soti ladan l, apre sa, naje pou w tounen sou plaj la. **Pa naje dirèkteman kont direksyon yon lam.**

Pa janm naje lè w ap bwè.



Pami adolesan yo ak granmoun yo, konsomasyon alkòl responsab yon moun sou chak kat moun ki ale nan depatman ijans yon lopital akòz nwayad. Si w ap konsome alkòl oubyen dwòg, pa naje epi pa al siveye timoun k ap naje yo.

Evite pran risk epi rete an sekirite.



Plonje sèlman lè sa otorize, evite fè konkou kenbe souf, naje kote w santi w ka rive, obeyi tout mesaj ki afiche yo, bwè dlo epi mete krèm solèy.

Tèks **PLAJ** pou 55676 pou mizajou sou avètisman nan plaj yo epi fèmte plaj yo ki soti nan Pwogram Sante nan Plaj (Health Beach Program) NYC yo.



Department of Health
& Mental Hygiene

Department of
Education